# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के दुसरका फेरा बदे नामांकन क क्रम जारी हौ। आजु बुलंदशहर लोकसभा सीटि से भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार भोला सिंह, अउर गाजियाबाद से लोकसभा ओम्मेदवार अतुल गर्ग नामांकन कइले त ओहीं मेरठ क हापुड़ लोकसभा सीटि से बहुजन समाजवादी पारटी के ओम्मेदवार देवब्रत त्यागियो परचा भरलें। ऐही तरियन अमरोहा लोकसभा सीटि से कांग्रेस क ओम्मेदवार कुवंर दानिश अली नामांकन कइले। दुसरका फेरा क आठि सीटिन पर बिहने ले नामांकन दाखिल कइल जा सकेला। पांच अपरैल के येह नामांकन पत्रन क जांचि होई। आठ अपरैल नाव वापसी क आखिरी तारिख होई। येह फेरा के आठ सीटिन अमरोहा,मेरठ , बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्ध नगर, बुलंदशहर अउर मथुरा में छब्बीस अपरैल के ओट परी।

**********

मुख्मंत्री योगी आदित्यनाथ आजु आगरा क फतेहपुर सीकरी अउर सूर सदन में आयोजित प्रबुद्ध जन सम्मेलन क संबोधित कइले। येह मौका पर उहां के कहली कि येह बेरि लोकसभा क चुनाव बहुते साफ हौ। ई पहिलहीं दुइ ध्रुव में बंट चुकल हौ। येह बेरि फैमिली बनाम नेशन फर्स्ट, तुस्टीकरण बनाम राष्ट्रवाद अउर भ्रष्टाचार बनाम जीरो टॉलरेंस के बिच्चे मोकाबिला हौ। उहां के कहली के इन्फ्रास्ट्रकचर डेवलपमेंट हाईवे, एयरपोर्ट, एक्सप्रेसवे, आईआईटी, एम्स अउर आईआईएम वाला ई नया भारत न खाली एक सौ चालिस करोड़ जनता का जरूरति हौ बलुक दुनियाभर क जरूरत के पूरा करे वाला भारत बनिके उभर रहल हौ।

**********

गोरखपुर क महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय अनुसंधान अउर सैक्षणिक कार्यक्रमन के बढ़ावा देवे बदे राष्ट्रीय वनस्पति अनुसंधान संस्थान यानी एनबीआरआई लखनऊ के साथे आजु एगो समझौता ज्ञापन पर दस्खति कइले हवे। येह ज्ञापन पर दस्खति विश्वविद्यालय क कुलपति मेजर जनरल डॉक्टर अतुल वाजपेयी अउर एनबीआरआई लखनऊ क निदेसक डॉक्टर अजीत कुमार शासनी कइलें।

येह समझौता ज्ञापन में कृषि अउर जैव प्रौद्योगिकी आधारित अनुसंधान अउर सैक्षणिक आदन–प्रदान के क्षेत्र में वर्तमान अउर भविस्य क जरूरति के पूरा करे बदे नौजवान सोधकरता क बिसेसज्ञता अउर कौसल बढ़ावे बदे क्षमता विकास अउर विनिमय कार्यक्रम आयोजित कइल जाई। एकरे अलावा, संस्थानन क लक्ष्य येह साझेदारी के जरिया से संयुक्त अनुसंधान अउर विकास परियोजनन के बिकसित अउर कार्यान्वित कइल हौ।

कुलपति डॉ. अतुल वाजपेयी येह पहल के कृषि अनुसंधान अउर सम्बद्ध विज्ञान के कई गो बिसयन में सैक्षणिक, अनुसंधान अउर प्रसिक्षण गतिविधियन क परचार अउर साझा उद्देस्यन खातिर मीलि क पाथर बतवलें। राष्ट्रीय वनस्पति अनुसंधान संस्थान, लखनऊ की ओरि से निदेसक डॉ. अजीत कुमार शासनी सोध अउर कौशल विकास कार्यक्रमन, अनुसंधान अउर विकास पहल के जरिया से पूर्वांचल में फूल क उत्पादन बढ़वले क योजनो साझा कइलें।

**********

बाराबंकी जिला के कोतवाली इलाका में काल्हि भइल एगो सड़क हादसा में तीनि गो छात्रा के सथहीं चारि जने क मउति हो गइल। एह हादसा में छौ गो सिक्षक के सथहीं पनरह से बेसी लोगि घाही भइल हवें जेहमें से दुइ क हालति गम्भीर हौ। ई दुर्घटना तब भइल जब सूरतगंज बलाक के कम्पोजिट विद्यालय हरक्का क बयालिस गो लइके टूर बदे बस से लखनऊ के चिड़ियाघर गइल रहलें। ओहवां से लवटत समय स्कूली लइकन से भरल बस मोटरसाइकिलि के टक्कर मरले के बाद बेकाबू हो के पलटि गइल। सूचना पवते मौका पर पहुंचलि पुलिस घाही लइकन के देवा सीएचसी पहुंचवलसि, जहवां से उन्हें जिला अस्पताल ले जावल गइल। कुछु घाही लोगिन ओहवां से केजीएमयू रेफर कइ दिहल गइल। ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया एक्स के जरिया से दुरघटना पर दुख जतवलें हवें। उहां के अपन पोस्ट में कहली कि बाराबंकी में भइल सड़कि हादसा में लइकन क निधन ढेरे दुखद हौ। हमार संवेदना सोक–संतप्त परिजन के साथे हौ। उहां के बतवलीं कि सम्बन्धित अधिकारियन के घाही लइकन के उचित इलाज खातिर निरदेस दिहल गइल हौ।

ओहर, दिल्ली–सहारनपुर नेसनल हाइवे पर बागपत जिला के खिड़की गांव के लग्गे टैंकर ई–रेक्सा में टक्कर मारि दिहलस, जेहमें दुइ गो लइकन क ओहिजुकवें मउति हो गइल जबकि पांच महिला लोगिन के सथहीं छौ लोगि गम्भीराहे घाही हो गइलें। घाही लोगिन के जिला अस्पताल में भरती करावल गइल हौ, जहवां उनकर इलाज चलि रहल हौ। सूचना पर जिला अस्पताल पहुंचल जिलाधिकारी जितेन्द्र प्रताप सिंह घाही लोगिन क हालि जनलें अउर डॉक्टरन के बढ़ियां इलाज करे क निरदेस दिहलें।

**********

निर्वाचन आयोग के निरदेस पर प्रदेस के कई गो जिलन में मतदाता लोगिन के ओट डारे खातिर जागरूक करे बदे कई गो जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। मतदाता लोगिन के संकल्प दियवले के सथहीं रैलि निकारि के उन्हें ओट क महातमो बतावल जा रहल हौ।

**********